Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение «Средняя общеобразовательная школа с. Донгарон» муниципального образования – Пригородный район Республики Северная Осетия - Алания

| | | |
|---|---|---|
| **«Рассмотрено»** | **«Согласовано»** | **«Утверждаю»** |
| Руководитель МО | Заместитель директора по УВР МБОУ СОШ с. Донгарон | Директор МБОУ СОШ с. Донгарон |
| ЗРкг Хубулова З.М. | ________ Саухалова В.Р. | ________ Хетагуров Э.А, |
| Протокол № 1 | «30» 08 2017 г. | Приказ № 69 |
| от «28» 08 2017г. | | от «1» 09 2017г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

# по родной литературе

# для 6 класса

# на 2017 – 2018 учебный год

с. Донгарон

Программæ арæзт у Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады Мадæлон æвзаг æмæ литературæйы программæйы бындурыл.

Адæмы монон царды кæддæриддæр стыр ахадындзинад уыдис фольклор æмæ аив литературæйæн. Уыдоны нывæфтыд æрцыд сæ цард, сæ историйы ахсджиагдæр цаутæ, сæ зонадон фæлтæрддзинад. Уыдоны ис зонды суадон, ныхасы фидауц æмæ бæрзонд идейæтæ. Дзырдаивадæн йæ нысаниуæг фæуæлдæр ис нæ рæстæджы. Уый рæзгæ фæлтæры хъомыл кæны гуманизм æмæ граждайнаг идеалтыл, (фидар кæны адæмы удварн, уымæй рæзынц монон æмæ культурон традицитæ. Уымæ гæсгæ скъолайы куысты ахъаззагдæр у литературæ ахуыр кæнын.

**Программæйы нысан æмæ хæстæ.**

Мадæлон литературæ ахуыр кæныны сæйрагдæр нысантæ сты: зонындзинæдтæ райсын мадæлон литературæйæ аивадон тексты бындурыл; литературон уацмыс анализ кæныны зонындзинæдтæ арфдæр кæнын; аивадон уацмыстæ кæсыны културæ рæзын кæнын. Уыимæ стыр нысаниуæг ис аивадон литературæйы фæрцы удварны хъомылады фарстатыл кусын, абоны рæстæгæн аргъ кæнын зонын; æгъдау, кад, намыс, патриотизм æмæ граждайнаг хæстæ цы сты, уый зонын; гуманон дунембарынад æмæ национ химбарынадæй хайджын кæнын; литературон уацмысы эстетикон æнкъарæнтæ æмбарын; мадæлон адæмы национ културæйы сæйраг миниуджытæ литературон тексты агурын. Ацы бæрнон куысты ахуыргæнæгæн йæ къухы ис ахсджиаг хотых – бæстæзонæн æрмæг. «Художественные произведения, синтезируя в себе нравственный опыт народа, раскрывают важнейшую из проблем – проблему нравственных ценностей общества» (И.Я. Кленицкая).

Мадæлон адæммæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ цы удварны хæзнатæ сæмбырд, уыдон аив æвдыст æрцыдысты нæ литературæйы. Ахуыргæнæг, литературон уацмысыл кусгæйæ арæхстджынæй куы пайда кæна бæстæзонæн æрмæгæй,

уæд скъоладзаутæ хъомыл кæндзысты нæ фыдæлты фарн æмæ намыс, мадæлон адæмы удыхъæд, æгъдæуттæ, истори, культурæ, аивад хуыздæр зоныл, уарзын æмæ йын аргъ кæныныл: уыимæ литературон уацмысы мидис бæстондæр æмæ арфдæр иртасын æмæ æмбарыныл.

Мадæлон адæмон сфæлдыстад у адæмы монон културæйы ахъаззаг хай. Уый у нæ адæмы «зонд æмæ зæрдæйы рухсæй нывæст». Фольклоры сыгъдæгæй зынынц царды нывæфтыд истори, фæлтæрты сагъæстæ æмæ бæллицтæ. Нæ фыдæлтæм нæ уыд фысгæ истори, фæлæ нын адæмон сфæлдыстад у ахсджиаг историон æрмæг, уый фæрцы базонæм ивгъуыд заманты цард. Фольклоры æппæт жанртæ дæр æвдисынц адæмы цард, сæ зонд, сæ хъуыдытæ, сæ цæстæнгас цардмæ, æрдзы фæзындтæм. Уымæ гæсгæ йын ис стыр зонынадон, хъомыладон æмæ эстетикон ахадындзинад.

Ахуырадон программæйы нысантæ æмæ хæстæ:

- адæмон сфæлдыстады æппæт хуызтæ, йæ сæйраг жанртæ æмæ сæ миниуджытæ алывæрсыгæй равдисын;

- фольклор æмæ аив литературæйы хицæндзинад бамбарын кæнын;

- æппæт жанрты тексты бындурыл зонындзинæдтæ райсын;

- адæмон сфæлдыстады зонадон, идейон-эстетикон мидис раргом кæнын;

- йæ нывæфтыд æвзаг æмæ аивгæнæн мадзæлттæ раиртасын;

- историон-хъайтарон традициты фæрцы æрыгон фæлтæрмæ хæццæ кæнын патриотизм æмæ гуманон æнкъарæнтæ, идейæтæ, нæртон дуджы идеалтæ.

**1. 2.** Сæйраг домæнтæ скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм

Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:

- адæмон сфæлдыстады сæрмагонд æууæлтæ, миди сæмæ хицæн миниуджытæ;

- фольклоры сæйраг хуызтæ æмæ жанртæ;

- йæ историон-мифологон бындур;

- сæйраг архайджыты удыхъæды типикон æмæ æнпæтадæймагон нысаниуæг;

- адæмон сфæлдыстады нывæфтыд æвзаг, йæ аивгæнæн мадзæлттæ;

Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:

- фольклоры жанрты текстгæ арф бамбарын æмæ банкъарын;

- мифтæ æмæ истори кæрæдзийæ хицæн кæнын;

- архайджытæн характеристикæ дæттын, кæрæдзийыл абарын;

- адæймаджы удварны хъомылады йын йæ нысаниуæг æмбарын;

- кæсыны æмæ ныхасы культурæ бæрзонддæр кæнын;

- адæмон сфæлдыстады æндæвдад литературæйы, музыкæйы, нывкæнынады иртасын.

1.Ахуырады ***удгоймаг хъомыл кæныны фæстиуджытæ*** сты:

-Уæрæсейæн аккаг хъæбул (гражданин) хъомыл кæнын;

- патриотон хъомылад (райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад гуырын кæнын), - Фыдыбæстæйæ сæрыстыр уæвыны хъуыдытæ хъомыл кæнын;

- зонын хи адæмы истори, културæ, мадæлон æвзаг, уыимæ зонын Уæрæсейы адæмты культурæ дæр;

- ахуырмæ бæрнон цæстæнгас дарын æмæ хæдахуыр курдиат рæзын кæныныл архайын;

- амонын æхсæнады æгъдау, хи дарыны уагæвæрд;

- архайын скъолайы хæдуынаффæйы куысты æмæ æхсæнады царды дæр.

2. Ахуырады ***метапредметон фæстиуджытæ*** (УУД):

- хъомыл кæнын хибарæй ахуыр кæныны, ахуыры (урочы) нысантæ бæрæг кæнын æмæ химæ ног хæстæ исынмæ арæхстдзинад;

- хибарæй ахуыры эффективондæр мадзæлттæ æмæ фæрæзтæ æвзарынмæ арæхстдзинад;

- урочы архайгæйæ (дзургæйæ, фысгæйæ, алыхуызон логикон хæслæвæрдтæ æххæст кæнгæйæ æмæ а.д.), хи рæдыдтытæ сраст кæнынмæ арæхсын;

- ахуыргæнæг æмæ æмбæлттимæ ахуырадон æмгуыстад кæнынмæ арæхсын; хибарæй æмæ къордты кусын зонын, хи æмæ искæй хъуыдытæ æргом кæнынмæ арæхсын;

- информацион коммуникативон технологитæй пайда кæнынмæ арæхсын.

3. Ахуырады ***предметон фæстиуджытæ***.

- предметæй зонындзинæдтæ, арæхстдзинæдтæ райсын;

- зонындзинæдтæй ахуырты рæстæг æмæ алыхуызон ахуырадон-проектон уавæрты пайда кæнынмæ арæхсын;

- наукон хъуыдыкæнынад рæзын кæнын; наукон терминалоги, методтæ зонын.

| Сæргонд (хай) | Сахæттæ | Урокæ | Урочы темæ. | Лит-йы теори | Ныхасы рæзт | Предметты хсæн бастдзинад | Хибарæй каст | Нымæц (къæлиндарон пълан) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Разныхас. | 1 | 1 | Аив литературæйы нысаниуæг адæймаджы царды. | | | | | |
| Адæмон сфæлдыстад. | 9 | 2 | Адæмон сфæлдыстады сæйраг хуызтæ: уыци-уыцитæ, æмбисæндтæ, таурæгътæ, кадджытæ, мифтæ, зарджытæ. | | | | . уыци-уыцитæ, æмбисæндтæ, таурæгътæ, кадджытæ, мифтæ, зарджытæ. | |
| | | 1<br>1 | «Сослан æмæ Тары фырттæ». Кадæджы мидис. Нæртон дуджы идеалтæ. Зонды уæлахиз гуымиры тыхыл. | кадæг | | Тугъанты Махарбеджы æмæ Хохты Асланджерийы конд нывтæ «Нарты кадджытæм | «Сосланы мæлæт». | |
| | | 1 | Аргъау «Арвы айдæн». | | | Бедойты Шалва «Ирон аргъау». Джыккайты Мураты иллюстрацитæ «Ирон аргъæуттæм | «Паддзах æмæ дзабырхуыйæг». | |
| | | 1 | Мæгуыр лæджы фырты фæзминаг æууæлтæ аргъау | 1 | | | Ирон аргъæуттæ. | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | «Ох-ох æмæ мæгуыр лæдджы фырт»-ы, «Цæхджын хойраджы аргъ». | | | | | |
| | | 1 | «Уастырджи æмæ æртæ æфсымæры». | | | | | |
| | | 1<br>2 | «Чермены зарæг», «Антъоны зарæг». | | | | | |
| XIX æнусы литературæ Хетæгкаты Къоста. | 4 | 1 | Хетæгкаты Къоста. Поэты царды хабæрттæ. «Балцы зарæг». | абарст. | | Къоста: «Афтопортрет». | | |
| | | 1 | «Сидзæргæс». | пейзаж | | | | |
| | | 1 | «Марходарæг». | Басняйы тыххæй æмбарынад. Аллегори. Басняйы. зондамонæн хатдзæг. | | | «Æй-джиди». «Хъазтæ». | |
| | | 1 | «Дзæбидырдзуан». | радзырд | | | | |
| Гæдиаты Секъа. | 4 | 1 | Мадæлон æвзаг æмæ чиныджы нысаниуæг дзыллæйы царды.Æмдзæвгæ «Фæдзæхсын». | | | | | |
| | | 1 | Мæгуыр адæмы хъизæмайраг цард радзырд «Мад æмæ фырт»-ы. | | | | «Хæйрæджы уидон». | |
| | | 1 | Тугъан æмæ Маринейы тырныдзинад сæрибармæ. Радзырды сæйраг хъуыды. | | | | Баснятæ «Уаллон æмæ калм», «Карк æмæ йæ хицау», | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | «Бурдым æмæ булæмæргъ», «Домбай æмæ къогъотæ», «Фын» | |
| | | 1 | «Зæрватыкк». Уарзты тых æмæ фидыц. | | | | | |
| Брытъиаты Елбыздыхъо. | 2 | 1 | «Уæрæседзау». Уацмысы мидис, йæ конфликт. | | Ирон лæджы фæзминаг миниуджытæ | | | |
| | | 1 | Ирон лæджы эталон уацмысы. Муссæйы фæлгонц. | | | | | |
| Кочысаты Розæ. | 2 | 1 | «Гæды лæг». Йæ идейон мидис. | Комеди. Юмор æмæ сатирæйы тыххæй райдиан æмбарынад. | | | | |
| | | 1 | Умарханы фæлгонц. Бынæттон хицæутты гуымиры ахаст адæммæ. | | | | | |
| Илас Æрнигон. | 2 | 1 | «Зарæг». | Апострофæ, композици. | | «Сомы», «Тæхуды», «Сагъæс». | «Сомы, «Хæрзбон». | |
| | | 1 | «Челе». Радзырды мидис. | | | | | |
| | | | Челейы фæлгонц. | | | | | |
| Ныхасы рæзтыл куыст. | 2 | | Бекар æмæ Челе-литературон æфсымæртæ.(«Хæйрæджы идон» æмæ «Челе»-мæ гæсгæ. | | | | | |
| | | | | | | | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| XX æнусы ирон литературæ. | | | | | | | | |
| Коцойты Арсен. | 4 | 1 | «Цуанонтæ». | Авторы позици. Диалог. Юмор æмæ сатирæйы тыххæй æмбарынад фæхъæздыгдæр кæнын. | | | | |
| | | 1 | Радзырды конфликт: мæгуыр, дæлдзиныг, фæлæ уæздан адæм æлдæртты гуымиры бархъомысы раз. | | | | | |
| | | 1 | «Саломи». | | | | | |
| | | 1 | «Цæукъа æмæ фыркъа» - сæрибарыл кады зарæг. | Аивадон, фæлгонцы тыххæй æмбарынад. | | Дунеон æмæ уырыссаг литературæ. Чысыл адæймаджы темæ æмæ проблематикæ. А.С. Пушкины «Станцæгæс». | Коцойты Арсен. «Афтæ дæр вæййы» .М.Горький «Уарийыл зарæг». | |
| Гæдиаты Цомахъ. | 3 | 1 | «Æхсæрдзæн». | Аллитераци. | | | Гæдиаты Ц. «Зымæг», «Сыбыры», «Æрцыд ныллæууыд уалдзæг». | |
| | | 1 | «Дыууæ дидинæджы». | Прозæйæ фыст æмдзæвгæ. | Наизусть. | | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | «Царды уæз». | Фæлхатæн. | | | Гæдиаты Цомахъ. «Хæлуарæг æмæ мыдыбындз», «Цæмæн æй уарзын æз мæ Фыдыбæстæ». | |
| Барахъты Гино. | 1 | 1 | «Бæстырæсугъд». | | | Ирон адæмон сфæлдыстадæй уацмыстæ æнгæс сюжетыл.. | Барахъты Гино. «Зæрватыкк». «Цæмæй бафиддзæн». | |
| Нигер. | 2 | 1 | «Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман». Кадæджы мидис. | Эпитет. | | | | |
| | | 1 | Гуыйман æмæ Хъасболы миниуджытæ. Кадæджы конфликт. | | | | Нигер. «Хойы ныстуан». | |
| Хъуылаты Созырыхъо. | 3 | 1 | «Æртындæсæй иумæ». Радзырды темæ æмæ идейæ. | | | | Хъазыбегты Хъазыбег. «Фæлтæрты намыс». | |
| | | 1<br>1 | Æртындæс коммунары коллективон сурæт. Джиоты Андрийы фæлгонц. | | | Нывкæнынад Тугъанты Махарбеджы «Æртындæс коммунары». | Хъуылаты С. «Таймуразы зарæг» .Адæмон зарæг Кодзырты Таймуразыл. | |
| Дзесты Куыдзæг. | 2 | 1 | «Хур скæсæнырдæм нæ ныгуылы».Радзырды темæ | Темæ идейæ. | | | Дзесты Куыдзæг. | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | æмæ идейон мидис. | | | | «Фырнымд чындз», «Манионы балц», «Мырзæйы абетæ», «Кæй аххос у?» | |
| | | 1 | Дзанджы монументон сурæт. Меньшевикты æнæуаг митæ… | | | | | |
| Плиты Харитон. | 2 | 1 | «Сæлимæт». Поэмæйы мидис. | Поэмæ. Литературон хъæбатыры сурæты (портреты).тых хæй æмбарынад. | | | | |
| | | 1 | Сæлимæты фæлгонц. Йæ уынд, йæ уды рæсугъддзинад, йе'сгуыхт. | | дзургæ сочинени | | Плиты Харитон. «Æртæх зæрватыкк», «Уалдзыгон мæргътæ», «Сычъи», «Дзыццайы арфæ». | |
| Хъамбердиаты Мысост. | 1 | 1 | «Хурмæ курдиат», «Хосгæрст», «Хъæды». | Ритм æмæ рифмæ. | | | | |
| Мамсыраты Дæбе. | 2 | 1 | «Æрдхорд». Радзырды мидис. | | | | Мамсыраты Дæбе. «Гугула» (цыбырæй), æмбисонд «Бутъро æмæ хус суг.» | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | Хæрзуагон-хъомыладон фарстатæ уацмысы. | | | | | |
| Бесаты Тазе. | 2 | 1 | «Æвзист идон». Чысыл Æхсары ныфс æмæ лæгдзинад… | сюжеты тыххæй æмбарынад. Архайды бабаст. Кульминаци. | | | Бесаты Тазе. «Налхъуытæ æмæ Науырызы цад». | |
| | | 1 | «Хæцæны». Радзырды идейон мидис. | | Цæрукъаты Володя «Боныцъæхтыл зындзынæн». | | | |
| Дзадтиаты Тотырбег. | 2 | 1 | Къостайы сабийы бонтæ. Скъуыддзаг роман «Хæххон стъалы»-йæ. Къоста – скъоладзау. Суинаг поэты рæзгæ уды æууæлтæ. | Историон æцæгдзинад æмæ аивадон æрхъуыды. | | | | |
| | | 1 | Чендзейы фæлгонц, сылгоймаджы сгуыхт. | | | | | |
| Ныхасы рæзтыл куыст. | 2 | | Къостайы сабийы бонтæ | | | | | |
| Цæгæраты Максим. | 3 | 2 | «Хъуыдинæйы галуан». | | Адæмы фарн –лæджы царды фидар æнцой. | | | |
| | | 1 | Адæймаг æмæ æрдзон дунейы иудзинады нывтæ «Ацырухс»-ы. | | | | | |
| Плиты Грис. | 1 | 1 | «Æртхутæгдон». | | Иссæйы сгуыхт хъуыддæгтæ. | Тауаситы Сослæнбеджы конд | Плиты Г. «Мады фæдзæхст». | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | цыртдзæвæн – бюст Плиты Иссæйы цыртдзæвæн Дзæуджыхъæуы. | «Хохаг хъæуы». | |
| Цырыхаты Михал. | 1 | 1 | «Фæндаг», «Ма йæм тæхут, хуры тынтæ…» | Строфа. | | | Цырыхаты Михал. «Амонд», «Дарддæр цыдыстæм». | |
| Цæрукъаты Алыксандр. | 1 | 1 | «Райгуырæн къона». «Хæхтыл хурзæрин рæдау…» | Антитеза Олицетворени. | | | Цæрукъаты Алыксандр. «Фæфæнды мæн». «Искæд ды дæр». | |
| Дзаболаты Хазби. | 1 | 1 | «Хуымæтæджы æцæгдзинад». | | Дзаболаты Хазби. « Æрдз æмæ адæймаг». | | | |
| Гафез. | 2 | 1 | «Ирон цагъд». | кадæг | | | «Ацырухс». «Мады цæссыг». | |
| | | 1 | Патриотизмы мотив «Хъилдур»-ы | | | | | |
| Бахыгъд | 1 | 1 | | | | | | |